



KELAS

4



LKPD

Bahasa Jawa
Bima Bungkus

60
menit

Tujuan Pembelajaran

1. Siswa dapat memahami cerita wayang yang berjudul "Bima Bungkus"
2. Siswa dapat menuliskan kosa kata sulit dan maknanya.
3. Siswa dapat menceritakan kembali cerita wayang berjudul "Bima Bungkus" dengan bahasanya sendiri.

Langkah Pembelajaran

1. Pahami, catat, dan pelajari video yang ada di kolom Materi Pembelajaran.
2. Pilihlah jawaban pada kotak-kotak berwarna putih (■) di bagian Kegiatan inti dan latihan soal.
3. Klik Finish, Email my answers to my teacher, isi data kalian masing-masing, kirim ke widiyono@karangturi.sch.id

Video Pembelajaran

Gatekna video ing ngisor iki!



Tulis ing bukumu yen ana tembung -
tembung sing ora dingerteni tegese!



Bima Bungkus



WACANEN CRITA WAYANG ING NGISOR IKI!

Anak Pandudewanata sing kapindho lair diwenehi jeneng Bratasena. Bratasena lair sarana kabungkus lan ora ana senjata sing bisa mbedah. Raden Pandudewanata mertapa kanggo njaluk pituduh. Ngono tlatene dheweke semedi marakake kawah Candradimuka banyune kaya umup. Wayah Batara guru narekne apa sebabe dijawab saka Hyang Narada menawa kuwi amarga Semadi Prabu Pandudewanata sing kuwat banget lan tlaten. Prabu Pandudewanata njaluk pituduh kanggo mbedah bungkus bayine.

Batara guru njaluk supaya Batara Narada mudhun menyang marcapada bareng gajah sing nduwe jeneng Sena menyang Astina. Gajah kuwi sing mengko arep bisa mbedah bungkus si jabang bayi.

Sak tenane ing Istana Astina Hyang Narada ngomong tujuane teka marang Prabu Pandudewanata. Pandudewanata seneng atine. Gajah sena digawa menyang taman sing kanggo ndokokake bungkus bayi lan bayine. Bayi njero bungkus kuwi isih urip padahal wis suwe ana jero bungkus. Ibune Dewi Kunti nangis saben dina neng sandinge. Bayi kuwi nggelundung mrana mrene, katon yen bayi kuwi keseksa lan njaluk dietoke saka bungkusne.

WERKUDARA LAHIR

Sakwise gajah sena neng taman, gajah kuwi nggunake gadhinge kanggo nembus bungkus bayi sing ajaib kuwi. Saknalika pecah lan suwek bungkus bayi kuwi. Pandudewanata neteske eluh bungah lan ngrangkul bojone sing uga nangis. Bayi mau banjur nangis sero banget nganti kabeh wong sing ndeleng gumuyu seneng.


Hyang Batara guru, menehi jeneng Arya Sena utawa Bratasena. Bayi kuwi diwenehke marang ibune supaya disusoni. Dewi Kunti seneng banget sakwise prihatin sajrone pirang-pirang ndina.

"Kakang deloka anake dhewe iki nduweni kuku sing dawa banget" celathu Dewi Kunti. Pandudewanata mriksani kuku si bayi Arya Sena lan dheweke bisa ndeleng menawa kuku kuwi bakal dadi senjata sing ampuh banget. Kabeh wong sing teka kepengin ndeleng bayi sing dilairke duwe kuku sing dawa.





GLADHEN



Wangsulana pithakon – pithakon ing ngisor iki!

1. Irah - irahan wacan ing dhuwur yaiku . . .

- a. Gathotkaca Gugur
- b. Bima Bungkus
- c. Semar Bangun Kayangan
- d. Sumpah Srikandi

2. Jeneng wayang sing bener yaiku . . .



3. Gawe garis kanggo nyocokake tembung Basa Jawa lan tegese ing Bahasa Indonesia!

pituduh

dunia nyata

marcapada

komentar

celathu

petunjuk

Pasangna jawaban sing trep kanggo soal ing ngisor iki!

4. Batara Narada mudhun menyang marcapada numpak apa?

5. Bratasena iku anakke Pandudewanata sing nomer pira?

6. Jeneng gajah sing bisa mbedhah bungkus si jabang bayi jenenge?

Sena

loro

gajah